# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**«Жылдың ең белсенди жас халық билимлендириў хызметкери» көрик-таңлаўын шөлкемлестириў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 20-майдағы Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ғәрезсизлигиниң отыз жыллығы мүнәсибети менен “Жаңа Өзбекстан жаслары, бирлесейик!” сүрени астында “Жаслар айлығы”н шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққындағы 87-санлы мәжилис баянламасының ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 15-июньдеги 180-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 15-июньдеги 180-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2.**Усы буйрық пенен төмендегилер:**

-Халық билимлендириў тараўындағы жас хызметкерлерди қоллап-қуўатлаў мақсетинде “Жылдың ең белсенди халық билимлендириў тараўы хызметкери” көрик-таңлаўын жоқары дәрежедеги шөлкемлескенлик пенен өткериў ҳәм таңлаў жеңимпазларын усы жылдың 30-июнь сәнесинде “Жаслар күни” шеңберинде хошаметлеў;

-көрик-таңлаўды шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби ҳаққындағы режеси Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 15-июньдеги 180-санлы буйрығының 1-қосымшасына муўапық;

-көрик-таңлаўдың районлық ҳәм қалалық басқышларында төрешилер қурамы 2-қосымшасына муўапық;

-көрик-таңлаўдың аймақлық төрешилер қурамы 3-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. **Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Танирбергенов)не:**

- көрик-таңлаўдың аймақлық басқышларын тастыйықланған Режеге муўапық жоқары дәрежеде өткерилиўин тәмийинлесин.

4. **Барлық районлық ҳәм қалалық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары сондай-ақ, Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- 30-июнь «Жаслар күни мүнәсибети менен педагогикалық жәмәәтте мийнет етип атырған жаслар, атап айтқанда өзиниң белсендилиги, креатив идеялары, заманагөй хабар-коммуникация технологияларынан нәтийжели пайдаланыўы, жоқары нәтийжелери менен көзге түсип киятырған жас басшылар, жетик қәнигелер ҳәм педагог хызметкерлерди хошаметлеў илажларын көриў ҳәм де усы өткерилген илажларды ғалаба-хабар қуралларында, социаллық тармақларда кеңнен ен жайдырыў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл “15” Июнь
150 -санлы